Pou Piblikasyon Imedya: 23/10/2018 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVÈL INISYATIV POU EDIKE ADOLESAN YO SOU JAN POU YO KONDWI AK PRIDANS

Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a Ap Òganize De Aktivite Pandan Semèn Sekirite Chofè Adolesan Nasyonal la pou Angaje Adolesan ak Paran yo

GTSC Kontinye ak Patenarya ak Asosiyasyon Atletik Lekòl Segondè Piblik Eta New York lan pou Pwomouvwa Adolesan ki Ap Kondwi Ak Pridans Atravè Inisyativ Asistans Antrenè yo

Etid Resan yo Dekouvri Ke New York Se Eta Ki Pi Sekirize nan Nasyon an Pou Chofè Adolesan yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nouvo efò pou ka edike adolesan yo sou jan pou yo kondwi ak pridans pandan Semèn Sekirite Chofè Adolesan Nasyonal la (National Teen Driver Safety Week) kòmanse. Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) ansanm ak Depatman Veyikil Motorize (Department of Motor Vehicles, DMV) Eta New York lan yo pral òganize de aktivite nan semèn sa a ki ap mete aksan sou enpòtans pratik abitid kondwi ak pridans yo ak jan ke li ka sove lavi. An plis, GTSC ap kontinye ak patenarya li genyen ak Asosiyasyon Atletik Lekòl Segondè Piblik Eta New York lan (New York State Public High School Athletic Association, NYSPHSAA) pou angaje elèv yo pandan tout ane eskolè a atravè pwogram Asistans Antrenè (Coaches Care) a. Yon etid resan te klase New York kòm pi bon eta nan nasyon an pou sekirite chofè adolesan yo.

"Aprantisaj abitid jan pou nou kondwi ak pridans yo ka ede evite trajedi ki san sans yo epi sove lavi", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kenbe jèn moun nou yo an sekirite se yon priyorite prensipal, epi New York ap leve kanpe pou ede asire ke nouvo chofè yo prepare pou ka sikile sou wout yo an sekirite."

Semèn Sekirite Chofè Adolesan Nasyonal la, ki òganize soti 21 rive 27 Oktòb, sèvi kòm yon rapèl pou paran yo, pwofesè yo, antrenè yo, ak mantò granmoun yo, pou ka pale ak adolesan yo sou règ enpòtan yo ke yo bezwen aplike pou ka rete an sekirite sou wout yo.

Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a pral òganize yon fowòm piblik jodi a pou paran ak adolesan yo ki konsantre sou konpreyansyon pwovizyon yo ki nan Lwa sou Lisans

Chofè Ki Gradye yo (Graduated Driver License Law, GDL). GDL lan mete restriksyon yo, tankou règ pou lè moun ap kondwi nan aswè yo ak limit pasaje yo, sou chofè ki gen laj pi piti pase 18 an yo ki gen yon pèmi apranti pou jèn oswa lisans chofè pou jèn. Lwa a te prevwa bay tan pou jèn moun yo ka pran eksperyans ki enpòtan anpil nan divès senaryo sikilasyon nan yon fason ki sekirize epi ki kontwole. Aktivite a pral fèt nan yon fowòm modèl meri a kote pèsonèl GTSC yo ap eksplike rezònman an epi bay done ki sipòte pwovizyon GDL yo epi bay yon opòtinite pou paran yo ak adolesan yo ka poze kesyon.

Yo pral òganize aktivite a aswè a nan Cornell Cooperative Extension nan Konte Saratoga nan Ballston Spa a 6:30 PM.

GDL ap fè yon diferans epi ede amelyore sekirite jèn chofè yo nan eta a. Selon Enstiti pou Jesyon ak Rechèch Sekirite Sikilasyon an (Institute for Traffic Safety Management and Research), kantite aksidan fatal yo nan New York soti 2003 rive 2017 ki te enplike chofè ki gen laj 16 ak 17 an yo te bese de plis pase 80 pousan, epi aksidan blese pèsonèl yo te bese de 61 pousan, pandan menm peryòd lan. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou GDL ansanm ak lòt konsèy pou chofè adolesan yo ak paran yo, vizite paj Resous pou Chofè Ki Jèn yo (Resources for Young Drivers), ak Gid Paran pou Adolesan Ki Ap Kondwi yo (Parent's Guide to Teen Driving) sou sit entènèt DMV a ak Twouso pou Chofè Ki Jèn (Younger Driver Tool-Kit) GTSC a.

Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a pral òganize tou yon aktivite nan Jedi 25 Oktòb, nan Union-Endicott High School, kote elèv yo pral patisipe nan de aktivite ki demontre enpòtans bon jan sekirite pou senti sekirite yo. Elèv yo pral patisipe nan Batay Senti yo (Battle of the Belts), ki se yon konpetisyon ki ap vanse rapidman pou montre adolesan yo ke mete senti sekirite yo, yon mezi ki ka potansyèlman sove lavi yo, sèlman pran yon segond pou fè sa. Pandan konpetisyon an, ekip ki gen kat moun yo ap defye youn lòt pou wè kilès ki ka mete senti sekirite yo pi rapidman. GTSC te devlope yon videyo Batay Senti yo ki enstwiktif pou ke lekòl yo atravè eta a ka repwodwi aktivite amizan epi edikatif sa a. Epi tou, elèv yo pral itilize Konvenkè Senti Sekirite a (Seat Belt Convincer), ki ap pèmèt chofè a eksperimante kantite fòs etonan ki jenere nan yon kolizyon a ti vitès, ki ap mete anfaz sou enpòtans pou moun mete yon senti sekirite.

Union-Endicott se youn pami sèt lekòl yo ki ap patisipe aktyèlman nan pwogram Asistans Antrenè a, ak plis lekòl ki prevwa rejwenn pi devan nan ane sa a. GTSC te retounen fè ekip ak Asosiyasyon Atletik Lekòl Segondè Piblik Eta New York lan pou mobilize antrenè atravè eta a pou mete aksan sou enpòtans sekirite otowout yo ak lwa sou jan pou kondwi nan New York yo. Antrenè yo ap bay oryantasyon ak enstwiksyon ki ap ede elèv yo reyisi alafwa sou tèren ak wout lan.

Resamman, yon etid WalletHub te dekouvri ke New York te pi bon eta nan nasyon an pou sekirite chofè adolesan yo. Etid lan te analize anviwònman kote adolesan yo ap kondwi a nan chak 50 eta yo apati itilizasyon prèske de douzèn metrik kle yo, ki enkli tou katite fatalite chofè adolesan yo ak lwa pou moun ki andikape ki ap kondwi yo.

An plis de okipe pi wo nivo global nan klasman an, New York te klase pami senk premye nan kategori nou pral site la yo:

- Mwens fatalite chofè adolesan yo pa popilasyon adolesan;
- Mwens DUI pou adolesan yo pa popilasyon adolesan;
- Mwens ogmantasyon prim asirans apre ke yo ajoute yon chofè adolesan; ak
- Eta yo ki gen omwen 5 pwovizyon Lwa sou Lisans Chofè Ki Gradye yo ki optimal

Li krisyal pou nou konsantre sou sekirite chofè adolesan yo paske aksidan veyikil motorize yo se koz prensipal lanmò pou adolesan yo ki nan peyi Etazini, epi itilizasyon senti sekirite yo pi piti pami popilasyon ki pi jèn ki ap kondwi yo. An 2016, selon Administrasyon Sekirite Sikilasyon sou Otowout Nasyonal lan (National Highway Traffic Safety Administration), te genyen 2,082 chofè adolesan ki te enplike nan aksidan veyikil motorize ki te fatal yo atravè nasyon an, epi 58 pousan pasaje ki te mouri nan aksidan yo te enplike chofè adolesan ki pa te mete senti sekirite yo.

Terri Egan, ki se Komisè Egzekitif Adjwen DMV a ak Prezidan Pwovizwa GTSC a, te deklare, "Adolesan yo gen mwens pwobabilite pou angaje nan konpòtman ki danjere lè yo ap kondwi yo epi enplike nan aksidan yo lè paran ak mantò granmoun yo, tankou pwofesè ak antrenè yo, ede yo devlope bonè konpetans ki sekirize pou lè yo ap kondwi yo. Atravè aktivite nou planifye yo ak patenarya ak Asosiyasyon Atletik lan, nou ap mobilize moun ke adolesan yo admire pi plis yo pou vin pataje mesaj nou an epi ede yo konprann kèk mezi senp ki ka sole lavi yo".

Dr. Robert Zayas, ki se Direktè Egzekitif NYSPHSAA, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou fè patenarya ak Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a ansanm ak pwogram Asistans Antrenè a. New York se twazyèm pi gwo eta nan peyi a nan sa ki gen a wè ak atlèt etidyan yo ki ap patisipe nan aktivite atletik nan lekòl segondè yo, epi objektif nou se kenbe yo tout an sekirite. Mesaj konsènan kondwi ak pridans lan se youn ke nou pa ka repete ase pou 500,000+ atlèt etidyan yo ki nan New York, epi nou kontan pou nou kapab ede gaye mesaj lan".

Joshua Gannon, ki se Direktè Atletik, Edikasyon Fizik ak Sante nan Distrik Eskolè Santral Union-Endicott lan, te deklare, "Pwogram Asistans Antrenè a se yon mwayen fantastik pou granmoun yo ki ap travay chak jou ak timoun nou yo ka mete anfaz sou enpòtans pou yo kondwi ak pridans. Adolesan yo gen anpil bagay pou yo jere nan jou sa yo epi kenbe yo konsantre lè yo ap kondwi, raple yo pou yo toujou mete senti sekirite yo, epi konsantre sou vitès ki apwopriye lè yo ap kondwi yo sa se yon leson absoli ki vital nan lavi a ke nou menm antan ke edikatè yo bezwen anseye timoun nou yo".

Marianne Angelillo, ki se yon defansè paran pou sekirite chofè nan Skaneateles, New York epi manman ki te pèdi pitit gason 17 an li an Matthew nan yon aksidan kote li te ap kondwi sou an 2004, te deklare, "Semèn sa a ap sèvi kòm yon rapèl enpòtan pou paran ak adolesan yo pou di ke otowout nou yo sèlman sekirize nan menm nivo ke chofè nou yo an sante epi saj. Rete an alèt, ak tèt nou klè, epi evite konpòtman ki danjere lè nou ap kondwi yo".

Pou ka enfòme pi plis sou DMV Eta New York lan, vizite dmv.ny.gov, oswa swiv konvèsasyon DMV a sou entènèt sou Facebook ak Twitter.

Pou plis enfòmasyon sou GTSC, vizite safeny.ny.gov, oswa swiv konvèsasyon GTSC a sou Facebook ak Twitter.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU